li ma gën a ragal ci yéen mooy bokkaale gu ndaw" ñu ne ko: lan mooy bokkaale gu ndaw yaw Yonnente Yàlla bi? Mu ne leen: "ngistal

Jële na ñu ci Mahmuud Ibn Labiid -yal na ko Yàlla dollee gërëm- mu jële ci Yonnente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- mu wax ne: «li ma gën a ragal ci yéen mooy bokkaale gu ndaw" ñu ne ko: lan mooy bokkaale gu ndaw yaw Yonnente Yàlla bi? Mu ne leen: "ngistal, ngistalkat yi Yàlla da leen di wax ëllëg bis-pénc bu ñu faayee nit ñi seen jëf ba noppi: demleen ca ña ngeen doon ngistal ca àdduna, ngeen xool ba xam ndax dangeen fekk fa ñoom ag pay?"

[Tane na] [Ahmat soloo na ko]

Yonnente bi -yal na ko Yàlla dolli xéewal ak mucc- day xibaare ne mbir mi mu gën a ragal ci xeetam wi mooy: bokkaale gu ndaw te mooy: ngistal; di def ngir nit ñi. Mu xibaare ne mbugalum ñiy ngistal ëllëg bis-pénc mooy ñu ne leen: demleen ca ña taxoon ngeen doon jëf, ngeen xool ndax danañu am yool ak pay gu ñu leen di fay ca seen jëf yooya?!

http://sunnah.global/hadeeth/wo/show/3381